

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act)

Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwopriyetè Kay

1. Kisa Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman an ye?

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act) an se yon òdonans Vil Boston te adopte ann oktòb 2020 epi ki te amande nan mwa dawout 2021. Lwa a mande tout pwopriyetè kay k ap prevwa pou mete fen nan yon kontra lokasyon, pou yo bay lokatè a yon Notifikasyon Dwa ak Resous Lokatè to.

Lwa a egzije tou pou pwopriyetè kay yo ak pwopriyetè ki pare pou sezi yon kay pou yo voye anmenmtan bay Biwo Estabilite Lojman Vil Boston an yon kopi:

- Notifikasyon pou Sispann oswa Avi Non-Renovèlman Kontra Lwaye a epi
- yon Sètifika Konfòmite/Sèvis (pa obligatwa).

Ou oblije soumèt enfòmasyon sa yo nan [pòtay sou Entènèt nou an](#). Si ou gen difikilte pou sèvi ak pòtay sa a, tanpri voye yon imèl bay katie.forde@boston.gov.

Sonje: Lalwa egzije pou w soumèt dokiman yo nan pòtay anliy nou an. Sonje ou pa bezwen soumèt Sètifika Konfòmite/Sèvis la lè w ap sèvi ak pòtay sa a.

2. Poukisa yo te adopte nouvo òdonans sa a?

Yo te adopte Òdonans la pou asire ke lokatè yo ak ansyen pwopriyetè yo konprann dwa yo lè yo mete fen nan lokasyon oswa okipasyon rezidansyèl yo, epi ke yo konnen ajans ki gendwa ede yo.

Nan anpil ka, ajans yo kapab ede jwenn finansman pou peye aryere nan peman lwaye oubyen pou bay sèvis ki nesèsè pou evite degèpisman. Lè li pa posib pou rezoud pwoblèm degèpisman anvan pou ale devan yon Tribinal, HSNA pral bay lokatè/ansyen pwopriyetè yo yon pibon opòtinite pou jwenn konsèy epi/oswa yon avoka.

3. Kilè nouvo egzijans sa yo ap anplas?

HSNA ap anplas koumanse 6 novanm 2020.

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act)

Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwopriyetè Kay

4. Kisa òdonans sa a mande mwen fè?

Lwa a mande tout pwopriyetè kay k ap prevwa pou mete fen nan yon kontra lokasyon, pou yo bay lokatè a yon Notifikasyon Dwa ak Resous Lokatè to.

Lwa a egzije tou pou pwopriyetè kay yo ak pwopriyetè ki pare pou sezi yon kay pou yo voye anmenmtan bay Biwo Estabilite Lojman Vil Boston an yon kopi:

- Notifikasyon pou Sispann oswa Avi Non-Renouvèlman Kontra Lwaye a epi
- yon Sètifika Konfòmite/Sèvis (pa obligatwa).

Ou oblije soumèt enfòmasyon sa yo nan [pòtay sou Entènèt nou an](#). Si ou gen difikilte pou sèvi ak pòtay sa a, tanpri voye yon imèl bay katie.forde@boston.gov.

Sonje: Lalwa egzije pou w soumèt dokiman yo nan pòtay anliy nou an. Sonje ou pa bezwen soumèt Sètifika Konfòmite/Sèvis la lè w ap sèvi ak pòtay sa a.

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act)

Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwopriyetè Kay

5. Kimoun ki dwe respekte òdonans sa a?

Si ou se yon pwopriyetè/pwopriyetè k ap fè fòklizyon ki gen lentansyon pou mete fen nan yon lokasyon oswa okipasyon yon inite aprè pwosesis fòklizyon an, Òdonans la aplikab pou w.

Òdonans la aplikab pou tout pwopriyetè oswa pwopriyetè k ap fè fòklizyon inite lojman oswa aranjman lojman nan vil Boston kote yo remèt ofisyèlman yon Avi Degèpisman oswa lòt Avi Non-renouvèlman oswa Ekspirasyon Kontra Lokasyon oubyen yo ta dwe remèt li ofisyèlman, bay lokatè oswa ansyen pwopriyetè kay la.

Nan ka degèpisman kote yo pa t remèt okenn Avi Degèpisman, yo dwe prezante Avi konsènan Dwa ak Resous Lokatè yo **kanmenm** bay lokatè a oswa ansyen pwopriyetè lojman an. Si w ap demare yon aksyon degèpisman devan yon Tribinal, ou dwe prezante Avi konsènan Dwa ak Resous Lokatè yo bay lokatè oswa ansyen pwopriyetè a omwens 30 jou anvan pou w depoze demann pou aksyon an.

6. Èske gen moun ki egzante pa rapò ak egzijans sa yo?

Wi. Pwopriyete ki egzante yo se rezidans:

1. nan nenpòt lopital, etablisman swen enfimye espesyalize oswa etablisman sante; ak
2. nan yon etablisman ki pa pou fè pwofi ki gen objektif prensipal li se bay tretman oswa asistans pou yon ti tan oubyen terapi pou alkòl, dwòg oubyen kosnomasyon abizif lòt pwodui toujou.

7. Èske yo kapab anile egzijans sa a?

Non. Egzijans Òdonans sa a pa kapab anile, epi nenpòt kondisyon nan kotnra lokasyon, kontra oswa lòt akò ki endike li renonse oswa limit dwa sibstantif oswa pwosediral yon lokatè oubyen yon ansyen pwopriyetè kay dapre Òdonans sa a kontrè ak politik piblik, yo pa kapab mete l anplas epi li san okenn efè.

8. Antanke pwopriyetè, èske mwen kontinye bezwen bay Avi konsènan Dwa ak Resous Lokatè a si lokatè mwen yo se lokatè a tit prekè (tenants at-will)?

Wi. Tout lokatè yo ansanm ak lòt okipan legal yo, ki gen ladann ansyen pwopriyetè aprè fòklizyon an, **dwe** resevwa Avi konsènan Dwa ak Resous Lokatè a ki obligatwa.

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Housing Stability Notification Act)

Kesyon Moun Poze Souvan pou Pwopriyetè Kay

9. Kisa ki pral rive si antanke pwopriyetè, mwen pa konfòme mwen?

Chak fwa ou manke konfòme w ak egzijans Òdonans sa a, yo konsidere sa kòm yon vyolasyon apa, ki deklanche yon avètisman apa oswa yon sanksyon lajan (amann) apa. Sof si yo endike lekonntrè, moun oswa antite ki pa respekte Òdonans sa a pral pini epi resevwa yon avètisman oubyen l ap dwe peye yon amann konfòmeman ak atik Òdonans Vil Boston yo epi/oswa Manman-Lwa Vil Boston an, jan sa endike anba la a.

Lwa Notifikasyon Estabilite Lojman (Sek. 10-11.7)

Antite k ap fè Mizanplas la: Depatman Sèvis Enspeksyon

1ye Vyolasyon: Avètisman

2yèm Vyolasyon ak tout lòt vyolasyon apres a yo: \$300 pa jou